दिन–रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–11.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे विभाजनकारी तत्व के परास्त करबाक लेल हमरा लोकनि के एकजुट रहबाक आवश्यकता अछि। आइ गुजरात मे सोमनाथ स्वाभिमान पर्व पर अपन संबोधन मे ओ कहलनि जे, जे लोक सभ सोमनाथ मंदिरक पुनर्निमाणक विरोध कयने छलाह ओ एखनहुं भारत मे सक्रिय छथि। श्री मोदी ईहो कहलनि जे ई ताकत भारतक विरूद्ध साजिश रचि रहल अछि आ एहि वास्ते देशवासी के सतर्क रहबाक होयत। प्रधानमंत्री कहलनि जे मंदिरक लेल अपन सर्वस्व अर्पित करयवला के महत्व नहि देल गेल आ किछु राजनेता एकरा धार्मिक उन्माद नहि मानि कऽ लूट बतेबाक प्रयास कयलनि। ओ आरोप लगौलनि जे लूटक पाछा नुकायल घृणा आ क्रूरताक इतिहास देशवासी सँ छिपाओल गेल तथा तुष्टीकरणक राजनीति करयवला चरमपंथी तत्वक आगां समर्पण कऽ देने छलाह।

---

एम्हर, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे एक हजार वर्ष पहिने सोमनाथ मे महमूद गजनवी सोमनाथ मंदिर पर आक्रमण कयने छल। ओकर, आइ एक हजार वर्ष बादो सोमनाथ मंदिर अपन पुरान स्वरूप सँ नीक स्वरूप मे ठाढ अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे ई गौरवक दिन थीक आ संपूर्ण देश मे लोक शिवालय सभ मे दीप जरा रहल छथि।

---

केन्द्रीय संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया भारतीय डाकक दू नव सेवा स्पीड पोस्ट–चौबीस आ स्पीड पोस्ट–अड़तालीसक घोषणा कयलनि अछि। ई सेवा चौबीस आ अड़तालीस घंटा मे डाक तथा दस्तावेज के सुरक्षित पहुंचेबाक सुनिश्चित करत। श्री सिंधिया कहलनि जे ई सेवा समयबद्ध, विश्वसनीय आ त्वरित पहुंचक नव मानक स्थापित करत।

---

संपूर्ण प्रदेश कडगर ठंढाक चपेट मे अछि। सर्द पछवा हवाक कारण जन–जीवन प्रभावित भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे न्यूनतम तापमान चारि डिग्री सेल्सियसक संग भागलपुरक सबौर सभ सँ ठंढा स्थान रहल। ओतहि, पछिला चौबीस घंटा मे दरभंगा आ वाल्मीकिनगर मे अत्यधिक शीतदिवस जखनकि, अररिया, मोतिहारी, नालंदा, वैशाली तथा मुंगेर मे शीतदिवसक स्थिति बनल रहल। विभाग अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक कतेको स्थान पर अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस वृद्धि हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। एकर बाद अधिकतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस कमी हेबाक पूर्वानुमान सेहो अछि। विभाग सोलह जनवरी धरि प्रदेशक उत्तर आ दक्षिण–पश्चिम भागक कतेको स्थान पर घनगर कुहेस लगबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटनाक ऐतिहासिक धरोहर गोलघर परिसरक सौंदर्यीकरण आ एकर रखरखाव के आओर नीक करबाक निर्देश अधिकारी लोकनि के देलनि। मुख्यमंत्री गोलघर परिसरक निरीक्षण मे लाईट एंड साउंड तथा लेजर– शो के नियमित रूप सँ शुरू करबाक लेल कहलनि। निरीक्षणक क्रम मे हुनका संग जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा आ जिलाधिकारी एस.एम त्यागराजन समेत आनो वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।

———————————————————

उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन पूर्व प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्रीक पुण्यतिथि पर नव दिल्ली मे पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे उपराष्ट्रपति कहलनि जे स्वर्गीय शास्त्री दूरदर्शी नेता छलाह जे अपन सरल स्वभाव, सत्यनिष्ठा आ राष्ट्रक प्रति अटूट समर्पणक उदाहरण प्रस्तुत कयलनि आ जय जवान जय किसानक नारा देलनि। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो पूर्व प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्रीक पुण्यतिथि पर हुनका सादर नमन करैत अपन श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————

मैथिली आकादमी के सक्रिय बनेबाक लेल अंतर्राष्ट्रीय मैथिली परिषद द्वारा मधुबनी मे समाहरणालयक सोझा धरना देल गेल। एहि अवसर पर धरना दऽ रहल लोक सभ कहलनि जे मैथिली आकादमी उन्नैस सय छिहत्तरि मे स्थापित भेल छल तथा मैथिलीक भाषाक विकास आ संवर्द्धन मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलक। धरना पर बैसल लोक सभ मैथिली आकादमी के पुनर्जीवित कऽ सक्रिय बनेबाक अनुरोध राज्य सरकार सँ कयलनि।

———————————————————————

दरभंगा मे उर्दू निदेशालय मंत्रिमंडल सचिवालय तथा जिला प्रशासनक तत्वावधान मे फ़रोगे–ए–उर्दू सेमिनार तथा मुशायराक आयोजन कयल गेल।

सुपौलक वीरपुर मे सशस्त्र सीमा बलक पैंतालीसम वाहिनी द्वारा पांच किलोमीटर अन्तर वाहिनी क्रॉस कंट्री प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल।

खगड़िया जिलाक राजाजान गाम सँ पुलिस तथा एसटीएफक संयुक्त कार्रवाई मे पच्चीस हजारक ईनामी अपराधी अनिरूद्ध यादव के गिरफ्तार कऽ लेल गेल।

———————————————————————

समाप्त